# Enfomasyon pou ede elev itilize BigBlueButton

| Opsyon #1 | | |
|---|---|---|
| **1.** | Pou kòmanse, se pwofesè w ki dwe louvri pwogram nan pou ou. |  |
| **2.** | Apre sa, klike sou imaj ti kas ki anba a sou ekran aparèy ou a. Sa ap fèmen sistèm son aparèy ou a. |  |
| **3.** | Pa enkyete w. Apre sa, klike sou imaj telefòn ki parèt kounyeya  anba sou ekran aparèy ou a. |  |
| **4.** | Sistèm son an pral ouvri ankò, e y'ap poze w kesyon sa a: "Kijan w ta renmen sèvi avèk son an?" Klike sou imaj **mikwo** a. |  |
| **5.** | Gen yon bouton ki make '**Allow**' ki pral parèt, klike sou li. |  |

# Enfomasyon pou ede elev itilize BigBlueButton

<table>
<tr>
<td>6.</td>
<td>- Teste mikwo aparèy ou a. Fè yon ti pale pou wè si w tande sa w'ap di a.<br>• Si w tande vwa w. Bravo! Klike bouton ble ki make “yes” la.<br>• Si w pa tande vwa w, klike bouton wouj ki make “no” a, epi eseye ankò.</td>
<td>
</td>
</tr>
<tr>
<td colspan="3">Opsyon #2</td>
</tr>
<tr>
<td>1.</td>
<td>Ou ka sèvi ak telefòn ou tou pou itilize pwogram BigBlueButton nan.</td>
<td>
</td>
</tr>
<tr>
<td>2.</td>
<td>Rele nan nimewo telefòn pwofesè w la te ba ou a, epi antre nimewo PIN nan, sa vle di kòd li te ba ou a.</td>
<td>
</td>
</tr>
<tr>
<td colspan="3">Dènye paj</td>
</tr>
<tr>
<td>3.</td>
<td>Kounyeya, ou ka itilize sistèm son ki parèt anba sou ekran aparèy ou a.</td>
<td>
</td>
</tr>
</table>

# Enfomasyon pou ede elev itilize BigBlueButton